



## Elèv k ap Antre nan Klas Nevyèm Ane nan Ane Akademik 2015-2016

### Depliyan ki Gen Konsèy Akademik-Sa Elèv yo ak Paran yo Dwe Konnen

#### Ki chwa diplòm ki genyen ?

Elèv yo dwe konplete youn nan chwa sa yo pou yo diplome:

- Diplòm estanda ki gen 24 kredi
- Chwa Pwogram Akademik ki Difisil sou Plan Akademik ki gen 18 kredi pou Amelyore Ansèyman (Academically Challenging Curriculum to Enhance Learning, ACCEL)
- Pwogram pou resevwa Sètifikasi Edikasyon Entènasional Avanse (Advanced International Certificate of Education, AICE)
- Pwogram pou Resewva Diplòm Bakaloreya Entènasional (International Baccalaureate, IB)

#### Ki egzijans ki genyen pou evalyasyon leta?

Elèv yo dwe pase evalyasyon leta ki endike anba la yo:

- ELA Klas 10yèm Ane (oswa nòt ekivalan pou ACT/SAT)
- Fen kou (end-of-course, EOC) nan Aljèb I oswa yon nòt konparatif nan Tès Preparasyon Edikasyon Apre Lekòl Segondè (Postsecondary Education Readiness Test, P.E.R.T.)

Elèv yo dwe patisipe nan evalyasyon EOC yo epitou rezulta yo reprezante 30 poustan nòt final pou kou a. Evalyasyon sa yo ap fèt nan matyè ki endike anba la yo:

- Aljèb I\*
- Byoloji I
- Jewometri\*

\*Nòt Espesyal: Trant poustan li pa aplikab si elèv lali enskri nan ane akademik 2014-2015.

#### Kisa pwogram akselerasyon kredi (credit acceleration program, CAP) ye?

Pwogram sa a pèmèt yon elèv resevwa kredi lekòl segondè si elèv la pase yon evalyasyon kou leta san li pa enskri nan kou a. Kou yo gen ladan matyè ki endike anba la yo:

- Aljèb I                   ▪ Byoloji I
- Jewometri               ▪ Aljèb II
- Istwa Etazini

#### Ki kondisyon ki genyen pou elèv andikape yo diplome?

Gen de (2) chwa ki disponib sèlman pou elèv andikape yo. Toulède chwa yo egzije 24 kredi ki endike nan tablo a epitou toulède chwa yo ap pèmèt elèv yo ranplase yon kou pwofesyonèl ak teknik (career and technical, CTE) avèk matyè asosye pou yon kredi nan ELA IV, matematik, syans ak syans sosyal (sof Aljèb I, Jewometri, Byoloji I ak Istwa Etazini).

- Elèv ki gen gwo andikap pou yo aprann ka resevwa kredi avèk kou aksè yon lòt kalite evalyasyon pou evalye elèv sa yo.
- Elèv ki fè chwa akademik ak travay dwe resevwa omwen .5 kredi avèk yon travay ki peye.

#### Ki kondisyon ki genyen pou chwa diplòm estanda ki gen 24 kredi?

##### Lang ak Literati Anglè (English Language Arts, ELA) pou 4 Kredi

- ELA I, II III, IV
- Diplòm ELA, Plasman Avanse (Advanced Placement, AP), Sètifikasi Edikasyon Entènasional Avanse (Advanced International Certificate of Education, AICE), Bakaloreya Entènasional (International Baccalaureate, IB) ak kou enskripsyon doublé ka satisfie kondisyon sa a

##### Matematik pou 4 Kredi

- Youn nan kou sa yo dwe se Aljèb I epi youn ladan yo dwe se Jewometri
- Sètifikasi nan endistri k ap facilite elèv la resevwa kredi kolèj ka ranplase pou apeprè de (2) kredi matematik (sof pou Aljèb I ak Jewometri)

##### Syans pou 3 Kredi

- Youn nan kou a dwe se Byoloji, de (2) ladan yo dwe se kou syans ki egzijan egalego.
- De (2) nan twa (3) kredi obligatwa yo dwe gen yon eleman travay pratik.
- Yon sètifikasi endistri k ap facilite elèv la resevwa kredi kolèj ap ranplase pou apeprè yon kredi syans (sof pou Byoloji 1)
- Yon kou syans enfòmatik egzijan yo idantifye epi ki gen yon sètifikasi endistri asosye ap ranplase pou apeprè yon kredi syans (sof pou Byoloji I)

##### Syans Sosyal pou 3 Kredi

- 1 kredi nan Istwa Mondyal
- 1 kredi nan Istwa Etazini
- .5 kredi nan Gouvènman Etazini
- .5 kredi nan Ekonomi ak Konesans Finansye

##### Boza ak Boza Teyatral, Pwononsyasyon ak Deba, oswa Boza Pratik pou 1 Kredi<sup>†</sup>

##### Edikasyon Fizik pou 1 Kredi<sup>†</sup>

Pou ajoute entegrasyon sante

<sup>†</sup>Nòt Espesyal: Kou ki kalifye yo ak ranplasman kou ki kalifye yo endike nan Anyè Kòd Kou Florida sou sitwèb <http://www.fl DOE.org/policy/articulation/ccd>.

##### 8 kredi nan Kou ki Pa Obligatwa

##### 1 Kou sou Entènèt

Elèv yo dwe resevwa yon mwayèn nòt 2.0 pwen sou yon echèl 4.0.

## Ki kondisyon ki genyen pou tit diplòm estanda?

Tit Diplòm Elèv yo
<p>Yon elèv dwe non sèlman satisfè kondisyon pou li resevwa diplòm estanda lekòl segondè avèk 24 kredi, men tou elèv la dwe</p> <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Resevwa 1 kredi nan Aljèb II (li dwe pase EOC);</li><li>▪ Pase EOC nan Jewometri;</li><li>▪ Resevwa yon kredi nan estatistik oswa yon kou matematik ki egzijan egalego;</li><li>▪ Pase EOC nan Byoloji I;</li><li>▪ Resevwa 1 kredi nan chimi oswa fizik;</li><li>▪ Resevwa 1 kredi nan yon kou ki egzijan egalego avèk chimi oswa fizik;</li><li>▪ Pase EOC nan Istwa Etazini;</li><li>▪ Resevwa 2 kredi nan menm lang lemonn; epi Resevwa omwen 1 kredi nan AP, IB, AICE oswa yon kou enskripsyon doub.</li></ul>
<p>Yon elèv gen egzanpsyon nan evalyasyon Byoloji I oswa Istwa Etazini si elèv la enskri nan yon kou Byoloji I oswa Istwa Etazini AP, IB oswa AICE epitou si elèv la</p> <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Pran evalyasyon AP, IB oswa AICE yo chak apa; epitou</li><li>▪ Resevwa nòt minimòm nan pou li resevwa kredi kolèj.</li></ul>
Tit Diplòm sou Merit
<ul style="list-style-type: none"><li>▪ Satisfè kondisyon diplòm lekòl segondè estanda</li><li>▪ Resevwa youn oswa plis sètifikasi endistri nan lis yo mete anplas la (dapre seksyon 1003.492, Lwa Jeneral Florida).</li></ul>

## Èske yon elèv ki chwazi pwogram pou 24 kredi kapab diplome bonè?

Wi, yon elèv ki satisfè tout kondisyon pwogram pou 24 kredi pou yon diplòm estanda ka diplome nan mwens pase uit (8) semès.

## Ki diferans ki genyen ant chwa ACCEL pou 18 kredi ak chwa pou 24 kredi?

- 3 kredi pou kou ki pa obligatwa alaplas 8
- Edikasyon Fizik pa obligatwa
- Kou sou entènèt pa obligatwa

Elèv yo dwe satisfè tout lòt kondisyon pou yo diplome avèk yon diplòm estanda pou 24 kredi (dapre seksyon 1003.4282(3)(a)-(e), Lwa Jeneral Florida).

## Ki kote enfòmasyon yo ye sou Bousdetid Bright Futures?

Pwogram Bousdetid Bright Futures Florida bay elèv yo rekonpans pou reyalizasyon akademik yo pandan yo nan lekòl segondè. Pou fè sa, pwogram nan bay finansman pou elèv yo ale nan enstitisyon apre lekòl segondè yo nan Florida. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb <http://www.floridastudentfinancialaid.org/SSFAD/bf/>.

## Ki chwa ki genyen pou elèv yo apre yo fini nan lekòl segondè leta?

Sistèm Inivèsite Leta (State University System)
<p>Admisyon nan inivèsite leta yo nan Florida se yon admisyon ki konpetitif. Fiti elèv yo ta dwe pase yon pwogram akademik egzijan nan lekòl segondè epitou yo ta dwe aplike nan plis pase yon inivèsite pou yo ogmante chans yo pou inivèsite a aksepte yo. Pou kalifye pou antre nan youn nan inivèsite leta Florida yo, yon elèv ki fèk ap antre nan yon kolèj dwe satisfè kondisyon minimòm ki endike anba la yo:</p> <ul style="list-style-type: none"><li>▪ Elèv la dwe diplome nan lekòl segondè avèk yon diplòm estanda</li><li>▪ Elèv la dwe fè nòt nan egzamen admisyon</li><li>▪ Elèv la dwe gen 16 Kredi nan kou akademik preparatwa pou kolèj</li><li>▪ Anglè pou 4 kredi (3 kredi avèk redaksyon enpòtan)</li><li>▪ Matematik pou 4 kredi (nivo Aljèb I ak nivo avanse)</li><li>▪ Syans Natirèl pou 3 kredi (2 kredi avèk travay pratik enpòtan)</li><li>▪ Syans Sosyal pou 3 kredi</li><li>▪ Lang Lemonn avèk 2 kredi (sekansyèl, nan menm lang lan)</li><li>▪ 2 kou apwouve ki pa obligatwa</li></ul> <p><a href="http://www.flbog.edu/forstudents/planning">http://www.flbog.edu/forstudents/planning</a></p>
Sistèm Kolèj Florida (Florida College System)
<p>28 kolèj leta yo ofri sètifikasi pwofesyonèl ak diplòm asosye sou dezan ki prepare elèv yo pou yo transfere nan yon pwogram lisans oswa pou yo antre nan djòb ki egzije sèten ladrès. Anpil nan kolèj yo ofri diplòm bakaloreya nan domèn ki gen anpil demann. Enstitisyon Sistèm Kolèj Florida yo gen yon politik pòt-louvri. Sa vle di elèv ki te resevwa yon diplòm estanda lekòl segondè, ki te resevwa yon diplòm ekivalans lekòl segondè, oswa ki te montre yo gen siksè nan travay kou apre lekòl segondè ap jwenn admisyon nan yon pwogram diplòm asosye.</p> <p><a href="http://www.fl doe.org/schools/higher-ed/fl-college-system/index.shtml">http://www.fl doe.org/schools/higher-ed/fl-college-system/index.shtml</a></p>
Sant Pwofesyonèl ak Teknik
<p>Florida ofri elèv yo tou 46 sant pwofesyonèl ak teknik ki akredite toupatou nan eta a, ki bay edikasyon ak sètifikasi ki nesesè pou travay nan yon domèn pwofesyonèl oswa teknik patikilye. Pwogram yo fleksib pou elèv yo, epi yo bay edikasyon ak fòmasyon nan endistri pou anpil kalite metye.</p> <p><a href="http://data.fl doe.org/workforce/contacts/default.cfm?action=showList&amp;ListID=8">http://data.fl doe.org/workforce/contacts/default.cfm?action=showList&amp;ListID=8</a></p>

## Ki kote enfòmasyon sou èd finansye a ye?

Biwo Pwogram Leta pou Bay Elèv Èd Finansye (Office of Student Financial Assistance State Programs) alatèt anpil kalite sibvansyon ak bousdetid leta finansye pou edikasyon elèv yo apre yo fini lekòl segondè. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb <http://www.floridastudentfinancialaid.org/>.